



Pou Piblikasyon Imedya: 13/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN PI GWO PWOJÈ ENÈJI SOLÈ
KOMINOTE AN NAN ETA NEW YORK**

***Plis Pase 350 Fwaye ak Ti Biznis yo Pral Benefisye de Etablisman Solè
2.7 Megawatt nan Konte Sullivan lan***

***Pwojè a Ap Sipòte Manda Gouvènè Cuomo an pou 50 Pousan Elektrisite yo Soti
nan Sous Enèji Renouvlab yo apati 2030***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a achèvmann pi gwo pwojè solè kominote a nan eta a ki pral abouti a fakti enèjetik ki redwi yo pou plis pase 350 fanmi ak ti biznis yo. Etablisman solè 2.7 megawatt lan, ki sitiye nan Konte Sullivan, li enpòtan anpil nan sipòte manda Gouvènè Cuomo a pou ke mwaye nan tout elektrisite ki konsome yo soti nan sous enèji renouvlab yo apati 2030.

“Yon investisman nan enèji renouvlab se yon investisman nan avni ak dirabilite anviwònman New York lan, ak sante jeneral eta sa”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwojè Konte Sullivan lan pral bay ekonomi nan enèji yo pou abitan yo ki toupatou nan rejyon Mid-Hudson Valley an, pandan ke l’ap sipòte etablisman yon New York ki pi pwòp, pi ekolojik pou tout moun.”

Etablisman solè a sitiye nan Callicoon, Konte Sullivan epi gen ladan anviwon 9,800 pano solè. Pwojè a pral redwi emisyon gaz a efè sèr yo de 1,670 tòn metrik chak ane, ki ekivalan a si ou retire anviwon 360 machin nan lari a.

Pwojè Konte Sullivan lan se pwopriyete Delaware River Solar. Li te resevwa prèske 1.3 milyon dola nan finansman atravè inisyativ NY-Sun 1 milya dola Gouvènè Cuomo, ki ap konstwi yon endistri solè ki ap kenbe tèt li nan Eta New York. Otorite pou Rechèch ak Devlopman Enèji yo nan Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ap administre inisyativ NY-Sun lan.

Pwojè ki baze nan kominote sa yo ap ogmante aksè a enèji solè nan zòn kote abitan yo kapab oswa ka pa posede pwopriyete, oswa gen espas pou enstale pano solè yo nan lokal yo nan pèmèt yo souskri a yon pwojè solè kominote lokal. Yon fwa ke fwaye ak biznis yo souskri, yo ap toujou bay yo enèji atravè founisè elektrik regilye yo pandan ke y’ap retounen bay kouran ki te pwodwi nan etablisman solè an dirèkteman nan rezo

elektrik lan. Kòm yon rezilta, yo te alimante rezo an ak enèji ki pwòp, renouvlab pandan ke moun ki souskri yo jwenn kredi sou fakti elektrik yo.

An Fevriye, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) ke enèji solè nan New York te ogmante de plis pase 1,000 pousan soti Desanm 2011 pou rive Desanm 2017, sa ki ap favorize plis pase 2.8 milya dola nan investisman prive yo. Gen plis pase 12,000 moun ki angaje nan djòb enèji solè atravè New York.

Richard Kauffman, Prezidan Enèji ak Finans (Energy and Finance) New York la, te deklare, “Sou Gouvènè Cuomo, inisyativ solè kominote nou yo ap devlope atravè eta a tankou sa ki te anonse jodi a nan Konte Sullivan. Menm sila yo ki pa kapab enstale pano solè sou pwòp twati kay yo kapab tire avantaj de enèji ki pi pwòp epi pi abòdab, epi ekonomize nan depans yo epi ede nou tout konbat chanjman klimatik yo”.

Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, “Moun New York yo ap yon lòt fwa ankò rejwenn angajman Gouvènè Cuomo nan konbat chanjman klimatik yo, epi pwoteje anviwònman nou an pandan ke n’ap mache pou rive atenn angajman li yo ki ap mennen nan nasyon an pou adopsyon enèji renouvlab yo. Mwen felisite tout moun ki souskri a enèji solè kominote Konte Sullivan yo poutèt yo ap patisipe nan pwojè enèji solè yo tankou sa a ki ap non sèlman redwi emisyon kabòn danjere yo, men tou kreye plizyè milye pòs travay epi favorize investisman lokal yo atravè eta nou an”.

Prezidan Komite sou Enèji & Telekomunikasyon nan Sena a (Senate Energy & Telecommunications Committee), Joseph A. Griffo, te deklare, “Li enpòtan pou nou kontinye chèche fason pou pwodwi enèji soti nan plis sous posib. Mwen espere ke etablisman solè sa pral ede nou ogmante jenerasyon enèji renouvlab nou pandan ke l’ap bay konsomatè ak biznis yo tou ki chwazi patisipe yon rediksyon nan depans pou enèji yo”.

Prezidan Komite sou Enèji nan Asanble an (Assembly's Committee on Energy), Michael J. Cusick, te deklare, “Yon lòt fwa ankò, Eta New York te akonpli yon etap fondamantal imans, nan sa ki konsène rediksyon emisyon gaz a efè sèr yo, nan konplete pi gwo pwojè solè kominote nan eta a. Pwojè sa demontre ke eta nou an sou bòn wout pou rive atenn objektif enèji renouvlab nou an apati 2030. Mèsi a Gouvènè Andrew Cuomo ak Otorite pou Rechèch ak Devlopman Enèji nan Eta New York lan poutèt yo ap travay pwogresivman pou dirije nou nan bòn direksyon”.

Prezidan Lejislati Konte Sullivan lan, Luis A. Alvarez, te deklare, “Achèvmman etablisman sistèm presedan sa demontre alafwa angajman Gouvènè an anvè yon New York ‘ekolojik’ ak angajman ‘Kò Lejislatif’ Konte Sullivan lan anvè yon Konte Sullivan ‘ekolojik’. Nou ap pran kontwòl lan nan fè vanse solisyon enèji renouvlab yo, menm jan ak nan pwomouvwa enèji solè kominote yo ki ap benefisye itilizatè ak kontribiyab yo an menm tan. Efektivman, Pwogram Jenerasyon Distribye Kominote (Community Distributed Generation Program) inovatif nan Ajans Devlopman Endistriyèl (Industrial Development Agency) nou an te vin tounen yon modèl nan tout eta a sou jan pou ankouraje kwasans kominote solè an pandan ke n’ap ranfòse baz fiskal lan. Sa se yon reyisit komin lakay nou nan chak aspè, epi mwen kontan anpil pou mwen temwen de lansman li”.

Rich Winter, Direktè Egzekitif Jeneral, Delaware River Solar, te deklare, “Nou kontan dèske premye etablisman solè kominote nou an li nan komin lakay nou Callicoon, New York. Epi nou rekonesan poutèt tout sipò lokal yo jan sa te vin evidan ak reyalite 82 pousan kouran an li konsome pa moun ki nan Konte Sullivan ak 52 pousan nan komin lan. Bon jan enèji ekolojik lokal nan Eta New York!”

Refòme Vizyon Enèji a (Reforming the Energy Vision, REV)

Refòme Vizyon Enèji a se strateji Gouvènè Andrew M. Cuomo pou li domine sou chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi fleksib epi pi abòdab pou tout Nouyòkè yo nan favorize envestisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou solè, van ak enèji efikas, epi ekzije 50 pousan nan kantite elektrisite leta bezwen apati enèji renouvlab apati lane 2030. Deja, REV te atire plis pase 1,000 pousan kwasans nan mache enèji solè nan tout eta a, amelyore abòdabilite enèji ki ogmante pou 1.65 milyon kliyan ki gen revni fèb, epi kreye plizyè milye pòs travay nan manifakti, enjeniri, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo. REV ap asire New York redwi degajman gaz a efè sèr yo nan tout eta a jiska 40 pousan avan 2030 epi atenn objektif ki rekoni sou echèl entènasyonal pou redwi degajman gaz a efè sèr yo jiska 80 pousan avan 2050. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou REV, ansanm ak envestisman 5 milya dola Gouvènè an te fè nan teknoloji enèji pwòp ak nan inovasyon an, tanpri vizite rev.ny.gov epi swiv nou [Twitter](#), [Facebook](#), ak [LinkedIn](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)